




ZIMBABWE CATHOLIC BISHOPS' CONFERENCE

DARE RAMABHISHOPI ECHIKATORIKE OMUZIMBABWE

Bumiro Remutemo Rokuchengetedzwa Kwevana

Sevatariri mumunda waMwari wemivhaini, Dare remaBishopi echiKatorike rinoshanda pamwe nevarume, madzimai, vechidiki nevana zvisinei nezvitendero zvavo kana maonero avo munyaya dzezvematongerwo enyika. Mukuratidza simba raMwari pasi pano kubudikidza nekushumira pamusoro pezveutano, dzidzo, raramo nezvine chokuita nebūdiriro yavo.



Zviri mubhuku

Nhanganyaya	(i)
Rutendo	(iii)

Chitsauko chokutanga

Chitsidzo	1
Chiratidzo	2
Chinangwa	2
Tsika	2
Zviyero zvomutemo wekuchengetedza vana	2
Kusarura	3
Kuchengeteka	3
Kuchimbidza	3
Kubata hana	3
Vanoburitsa nyaya pachena	4
Zviremerera zvavanopa umboo	4
Kushanda pamwe navabereki naavo vanenge vachigara nevana	4
Kupatsanurwa kweongororo namatanho okuranga	5

Chitsauko chechipiri

Mamiriro omutemo	6
Kudyidzana nokupindirana komutemo weDare raMaBhishopi eChiKatorike	6
Mapato akakodzera kuvapo	6
Mabasa anoitwa namapoka akatarwa nomutemo	7
Basa reavo vakatarwa kuchengeta vana	7
Mabasa eKomiti neavo vakatarwa kuchengeta vana	7
Hutungamiri	8
Basa reDare ramaBhishopi	8
Mabasa anosungirwa kuitwa namasangano	9
Kuzvidavirira	9
Ongororo	10

Chitsauko chechitatu

Kugadzira sangano kuti vanhu vashande zvakanaka	11
---	----

Kupinzwa kwavanhu basa nomutoo wakanaka	12
Vanopa basa	12
Sangano rinopa basa	12
Kudzidziswa kwavashandi veDare ramaBhishopi	14
Ruzivo pamusoro pezvokuchengetedzwa kwavana	14
Rairo nokupa mazano	15

Chitsauko chechina

Nzira nezvinoitwa mukupindura kupomerwa	16
Matanho eDare ramaBhishopi omuZimbabwe	16
Kusarudzwa kwavashandi	17
Kumhangarwa kwemhosva	18
Kunyora pasi zvamhangarwa	19
Magamuchiriro emhosva yamhangarwa	19
Matanho eongororo	20
Kuongorora zvakaipa zvingangowira vana	20
Kuongorora zvingadzisinga mushandi basa	21
Ongororo yokutanga	21
Kuturikira	21
Ongororo yakazara	22
Kubatsira vakashungurudzwa	22
Matanho anotorwa kune avo vanenge vachipomerwa	23

Chitsauko chechishanu

Kutengeswa nokutengwa kwavanhu zvisiri pamutemo	24
Gwaro rokumanikidzwa kana kutengwa kwavanhu kana vana	24
Kubiwa nokutengeswa kwevana	25
Maonero angaitwe munhu anenge abiwa	25
Zvimwe zvingabatsira	26

Nzvenzvero

Nzvenzvero yokutanga	
Kugamuchira zvichemo zvinobata kuchengetedza mutemo	27

Nzvenzvero yechipiri

Fomu rokumhangarwa kwemhosva yokushungurudzwa	30
---	----

Nzvenzvero yechitatu	
Fomu riri maererano nokuchengetedzwa kwevana	35
Nzvenzvero yechina	
Referral form	37
Nzvenzvero yechishanu	
Kunyorwa kwenyaya dzinenge dzaitika kune vana	39
Nzvenzvero yechitanhatu	
Fomu rinonyorwa nyaya dzokushungurudzwa kwevana	43
Nzvenzvero yechinomwe	
Fomu rinoratidza magamuchirwo enyaya dzekushungurudzwa kwevana	45

NHANGANYAYA

Vana vane chinzvimbo chakakosha mudzidziso yaMambo Jesu, uyo akataura kuti vana ndivo chiratidzo choumambo hwaMwari: *“Regai vana vadiki vauye kwandiri regai kuvarambidza nekuti Umambo hwekudenga ndehwavo”* (Ruka 18:6). Izvi zvinoisa basa rinoera uye rakakosha kumunhu wose ari muSangano rechiKatorike kuona kuti vana vagamuchirwa nokuchengetedzwa zvinoenderana nechinzvimbo chavo chakakosha muupenyu hweSangano. Mwana woga woga anofanira kukosheswa achitorwa sechipo chinobva kuna Mwari chine kodzero yokuva noupenyu nokutendeka kunofanira kupiwa ruremekedzo nokuchengetedzwa navose. Saka Dare raMaBhishopi eSangano rechiKatorike rakagadzira nokudzika bumbiro romutemo rakanangana nokuchengetedzwa kwevana muzvikoro, zvipatara, dzimba dzinochengeterwa nherera, nomuma Parishu ose eChiKatorike omuZimbabwe.

Bumbiro remutemo uyu rakanangana nokuona kuti vose vanoshanda neve chidiki vanoongorora nokugadzira nharaunda inotambira kana inodzidzira vana kuti ive isina njodzi kuutano hwavo. Bumbiro remutemo rokuchengetedzwa kwevana reDare ramaBhishopi eChiKatorike omuZimbabwe rinoronedzera nokujekesa zvinhu zvakakosha munyaya dzokuchengetedzwa kwevana. Bumbiro remutemo iri rinoratidza zvekare matanho anofanira kutorwa mukurera nokuumba mwana ane hunhu hwakazara. Mazano anotaurwa nebumbiro remutemo iri anokwanisa kushandiswa nemasangano eChiKatorike munyika muno mukuchengetedza vana kubva kune mhando dzose dzokushungurudzwa dzinosanganisira kubatwa chibharo, kurohwa, kutukwa, kunyimwa zvokudya kana zvokupfeka nezvakadaro. Bumbiro remutemo

rokuchengetedza vana iri rakagadzirwa zvichienderana neShoko Rakanaka raMako rinoti: *“Uyo wose anogamuchira mwana kana vana nemuzita mangu anogamuchira ini; uyo anogamuchira ini anogamuchira kwete ini asi uyo akandituma”* (Mako 9:37). Bumbiro remutemo rokuchengetedza vana iri richabatsira Sangano rechiKatorike muZimbabwe kuti rikoshese nokuchengetedza hupenyu hwevana vose nokuratidza rudo rwaKristo kwavari. Mugwaro re*Declaration of Rome World Congress: Child Dignity in the Digital World 6 October 2017*, Papa Francis vakataura kuti, “Magariro edu munharaunda yatinogara anoonekwa nokuremekedzwa kuburikidza nokuchengetedza kwatinoita vechidiki.”

Vakasimbisazve kuti hupenyu hwemwana woga woga hwakakosha uye mwana wose ane kodzero yokuremekedzwa nokuchengetedzwa. Kuchengetedzwa kwevana ibasa remunhu wose. Munhu wose anofanira kuita chikamu chake mukuchengetedzwa kwevana. Bumbiro remutemo iri rinotsanangura pachena mafambisirwo anoitwa nhau dzokuchengetedzwa kwevana uye mafambisirwo anoitwa mhosva dzinemaererano nokushungurudzwa kwevana.

Bhishopi Rudolf Nyandoro

Mumiririri wezvedzidzo weDare ramaBhishopi eChiKatorike omuZimbabwe.

MATENDO

Ndinoda kutenda kushandirapamwe kwatakaita sechikamu chezvedzidzo mukuongorora nokunyora Bumbiro remutemo rezvokuchengetedzwa kwevana reDare ramaBhishopi echiKatorike omuZimbabwe. Ndinodazve kutenda zvakanyanya maBhishopi edu echiKatorike omuZimbabwe akaona zvakakosha kuti pave nebumbiro rinochengetedza vana vose. Rutsigiro rwavo mubasa iri rose rakabatwa tinorutenda zvakadzama.

Ndinotenda zvakare rutsigiro rwatakawana kubva kuvapepeti avo vaishanda siku nesikati kuti gwaro rino ringe rakamira zvakana. Bhishopi Rudolf Nyandoro (Bhishopi vekuGokwe), Bhishopi Paul Horan (Bhishopi veMutare), Fr. Fradreck Chiomba munyori mukuru weDare Guru raMaBishopi echiKatorike muZimbabwe, VaBelieve Mubonderi, VaNicholas Aribino, Muzvare Frances Pacey navamwe vapepeti vose vakabatsira nenzira dzakasiyana siyana kuti basa iri ribudirire.

Ndinopawo matendo zvakare kuvanyori vose veChikamu chezveDzidzo norutsigiro rwavo, Sr. C. Gowo LCBL (Dunhu reHarare), Mai Kaseke (Dunhu reBulawayo), Sr. P. Rubaya SJI (Diocese re Gweru), Fr. S. Chetse (Dunhu reMutare), Sr. R. Mwoyosvi LCBL (Dunhu reChinhoyi), VaS.G. Muchimwe (Dunhu reGokwe) pamwe nevamiririri veCMRS, Fr. J. Arimoso SJ na Sr. A. Rodrigues OLS.

Ndinodawo kutenda zvakanyanya basa guru nokushinga kwakaitwa navashandi veboka rezveDzidzo reDare ramaBhishopi echiKatorike emuZimbabwe vanoti, Theresa P. Sanyatwe, Leocardia Ncube uye Mai C. Chifamba.

Budiriro mukugadzira nokuongorora bumbiro remutemo uyu yaigona kushaikwa dai painge pasina rutsigiro rweshamwari dzedu neavo vose vatinoshanda navo. Tose tiri kudanwa munyaya yokuchengetedzwa kwevana. Tinokurudzira nzira dzakanaka dzokudzidzisa, nokurera vana kuti vagoita hunhu hwakanaka muzvikoro, mumaKereke, nzvimbo dzinochengeterwa vana, muzvipatara nomumasangano echiKatorike.

Mwari ngavakuropafadzei imi mose.

Sr. Dr. Theresa Nyadombo.

Mutungamiri anoona nezveDzidzo pasi peDare ramaBhishopi eSangano rechiKatorike muZimbabwe.

CHITSAUKO CHOKUTANGA

1.0 Chitsidzo cheDare ramaBhishopi omuZimbabwe (ZCBC) kuvana vadiki.

Gwaro rino rakanangana nokuburitsa pachena kuzvipira kweDare ramaBhishopi omuZimbabwe mukuedza kuchengetedza vana vadiki kubva kumhando dzokushungurudzwa kose. Bazi rezvedzidzo muDare ramaBhishopi omuZimbabwe richaramba richienderera mberi nehurongwa hwokuchengetedza vana vari mumasangano nezvikoro zvaro. Gwaro rino richaedza kudzivirira vana kubva kune zvinhu zvinokuvadza kana kuisa hupenyu hwavo munjodzi. Dare ramaBhishopi omuZimbabwe rinokoshesa kuti vana vose vakafanana uye kodzero dzavo dzakafanana zvakare, izvo zvinofambirana nezvidzidzo zveDama Rakanaka pamwe neKatekesimo yeSangano Katorike, “kusikwa munhu ari mumufananidzo waMwari zvinoita kuti ave nechiremera asaonekwe sechinhu chisina maturo asi semunhu pavanhu. Munhu uyu angave murume kana mukadzi anokwanisa kuzviziva nekuzvikudza uye agokwanisa kugarisana nevamwe zvakana. Munhu uyu anodanwa nenyasha kuva musungano naMwari wake kuti azomupa rudo nokutenda izvo zvisingakwanisi kupihwa nezvimwe zvipuka. (Ketekesima ye ChiKatorike No 1730-1735)

Dare ramaBhishopi omuZimbabwe rinopa dzidziso dzomutoo uyu richishandisa mapazi akasiyana eSangano rechiKatorike. Rinopawo zvekare rutsigiro kune mhuri dzine vana vanotambura. Dare ramaBhishopi omuZimbabwe rinoziva basa ravo mukuedza kuwana ruvimbo kubva kuvana uye kuzvidavirira kubva kumhuri ne nharaunda dzarinoshandira. Dare remaBhishopi omuZimbabwe rine chinangwa chokuchengetedza vana kubva kune mhando dzese dzokushungurudzwa seapo Jesu anotaure

kuti, *“Uyo anokonzera kuti vana vadiki avo vanotenda mandiri vaite zvitadzo zvinenge zvakakodzera kuti asungirirwe guyo guru muhuro make okandirwa mudziva”* Mateu 18:6

1.1 Chiratidzo

Kusimudzira budiriro yavana pasi rose takanangana nokusimba pamweya, mupfungwa nomunjere.

1.2 Chinangwa

Kugadzira nokuchengetedza nharaunda inokoshesa tsika namagariro avana, uye kushambadzira kuchengetedzwa kwavana.

1.3 Tsika

Kuzvipira kushanda pamwe chete, rudo, kutendeka, chiremerera, runyararo, kuzvidavirira, kutendeseka, chokwadi, tsitsi, rukudzo, munamato, kurangarira varombo nehunhu.

1.4 Zviyero zvomutemo

Dare ramaBhishopi omuZimbabwe rinocherechedza nokuziva kukosha kwekuchengetedza vana kubva mukushungurudzwa, kukuvadzwa nokutengeswa kwavanhu zvisiri pamutemo. Gwaro rino rakaumbwa kubva pamazano mana ekodzero dzavana vadiki sokuburitswa kwazvinoitwa neUnited Nations mune izvo zvakanangana nekodzero dzevana; kusasarura, zvido zvemwana zvakanaka, kubatana pamwe chete nebudiriro.

1.5 Vana vanofanira kuchengetedzwa nevashandi neavo vanozvipira kushandira Dare ramaBhishopi omuZimbabwe zvisisnei kuti muchechi here

kana kuti hamusi. Vanhu vose vakuru navadiki vakachengetedzwa nemutemo uyu, zvisinei norudzi, chitendero uye zvavanogona kana mafungiro avo kana kwavanobva.

Mutemo unobata masangano ose echiKatorike muZimbabwe. Masangano aya anofanira kunge akashambadza pachena mazita avakasarudzwa kuita basa rokuchengetedza vana. Nhare dzavo kana pavanokwanisa kuwanikwa zvinofanira kunge zviri pachena zvichikwanisa kuwanikwa nemunhu wese anogona kunge achida rubatsiro kubva kwavari.

1.5.1 Kusarura

Tsvakurudzo apo panofungidzirwa kuti paitwa zvisiro pamutemo inofanira kuitwa zvakanaka pasina rusaruro.

1.5.2 Kuchengeteka

Dare ramaBhishopi omuZimbabwe rinochimbidza kutora matanho panyaya dzisina tsarukano dzinenge dzaitika, pamwe chete nenyaya dzokushungurudzwa kwavana kuri kuedza kuchengetedza zvido namararamiro avana vose.

1.5.3 Kuchimbidza

Dare ramaBhishopi omuZimbabwe richaedza kukurumidza kuita ongororo netsvakurudzo dzose nokuchimbidza.

1.5.4 Kubata hana

Kukwanisa kuchengetedza nyaya dzinonetsa muhana pasina kudzishambadza kana kuudza munhu wese wese. Nyaya dzose dzine

chekuita nemunhu kana vanhu vanenge vachiburitswa munyaya dzakasiyana-siyana dzichachengetedzwa muchivande dzichingoburitswa pachena kana paine anenge achida kuziva zvichinge zvakavumiranwa zvakare. Izvi zvakakosha mukuedza kuchengetedza vose vanenge vari munyaya yacho. Panofanira kucherechedzwa apo pese panenge pachitwa ongororo kana tsvakiridzo kuti hapana mazita evanhu ari kusvibiswa here. Dare ramaBhishopi omuZimbabwe rinogona kutora matanho akakodzera kune avo vese vanoburitsa nyaya dzakavandika dzokushungurudzwa zvisiri pamutemo. Zvakakosha zvekare kuti vaongorori vanofanira kukoshesa kuchengetedzeka kwemupari wemhosva vachimirira kuti vemitemo vaite basa ravo.

1.5.5 Vanoburitsa nyaya pachena

Nyaya dzese dzichaburitswa dzichachengetedzwa muhana. Vashandi kana vaya vanobatsira Dare ramaBhishopi omuZimbabwe zvisina kubhadharwa vanenge vachiburitsa nyaya dzokushungurudzwa kwavana vachachengetedzwa kubva kune zvinhu zvinogona kuvakuvadzisa nokuti vanenge vaburitsa kana kufumura nyaya dzokushungurudzwa kwavana.

1.5.6 Zviremerera zvevanopa umbowo

Zviremerera zvevana kana vashandi veDare remaBhishopi omuZimbabwe vanenge vachipomerwa mhosva zvichakosheswa nokuchengetedzwa panguva dzose.

1.5.7 Kushanda pamwe chete navabereki neavo vanenge vachigara nevana

Dare ramaBhishopi omuZimbabwe richashanda pamwe chete navabereki

kuchengetedza vana. Richatora mukana wekupa rutsigiro runodiwa kuvana vanenge vashungurudzwa pamwe navabereki vacho panguva dzose.

1.5.8 Kupatsanurwa kweongororo namatanho okuranga anozotorwa

Munhu anenge asarudzwa nomutungamiriri wezvekuchengetedzwa kwavana kuti ange achiita basa rokuongorora nyaya inenge yaitika anofanira kunge ari munhu asina kwaakarerekera, izvi zvakakosha kunyanya kunyaya dzekuti munhu anogona kuzodzingwa basa.

CHITSAUKO CHECHIPIRI

Mamiriro emutemo

2.1 Kudyidzana pamwe nekufambirana komutemo weDare ramaBhishopi omuZimbabwe nemimwe mitemo

Mutemo uyu weDare ramaBhishopi omuZimbabwe uripo pakuona kuti pane kudyidzana nokuwirirana pakati pezvisungo zvekubatwa kwavana zvakanaka pamwe nemimwe mitemo yemunyika. Dare ramaBhishopi omuZimbabwe rinocherechedza mutemo weSangano rechiKatorike. Mutemo weDare ramaBhishopi omuZimbabwe uyu unotarisirwa kunge uchidyidzana neChitsauko chemitemo yeSangano, Canon Law (1983): No 135 pamwe nezvinofanira kutevedzerwa kana pachinge paitika nyaya dzisina tsarukano sokutarwa kwazvakaitwa mugwaro raVakuru vezvita zvaVapikiri muZimbabwe ra 2012.

2.2 Mapato kana Mapoka anofanira kunge aripo.

Zvirikutaurwa nemutemo weDare ramaBhishopi omuZimbabwe zvinoshanda kana kubata kune mapoka anotevera:

- Vanhu vese nemapoka avo vanenge vachishandira Dare ramaBhishopi omu Zimbabwe, vanosanganisira, mafata, vapikiri navanhu voruzhinji.
- Vese vanoshanda mumabasa pazvikoro zvechiKatorike.
- Vashandi kana vaya vanenge vazvipira kushanda pasina muripo
- Makomiti anoona nezvekubudirira kwezvikoro.
- Vabereki
- Munhu kana vanhu vangangopihwa mukana wokusvika pane vana munzvimbo dzese dzechiKatorike.

2.3 Mabasa anoitwa nemapoka akatarwa mumutemo wakatarwa mugwaro rino

2.3.1 Basa reavo vakatarwa kuchengetedza vana

Ava vanhu vanenge vakapihwa basa mumasangano vakanangana nezve nyaya dzokuchengetedzwa kwavana. Ndivo vana sachigaro vemakomiti ezvekuchengetedzwa kwavana vanoshanda nemapoka akasiyana-siyana maererano nezvenyaya dzokuchengetedza vana.

- Vanogamuchira nyaya dzine chokuita nokupomerwa.
- Vanoona kuti patevedzerwa here gwara maererano nokuti nyaya dzinenge dzichifambiswa sei. Vanoona zvakare kuti matanho akakodzera here.
- Vanoita basa rokugadzira magwaro umo munochengetwa nyaya dzose neumbowo hwezvinenge zvaitika.
- Vanotsanangura matanho nemutso unoshandiswa kana pachinge paine zvaitika. Ibaso ravo zvakare kuzivisa vese vakakodzera kana vana vachinge vari munjodzi.
- Kuzivisa vashandi kana pachinge paine anenge amhangara kuti pane vana kana mwana anenge achida kuchengetedzwa.
- Vanozivisa avo vanenge vachizoongorora nyaya yacho nokutaurawo namapoka ose akakodzera.
- Nhamba dzerunhare dzeavo vakatarwa kuchengetedza vana kana vari mukomiti dzinofanira kunge dzichiwanikwa mumasangano ose kuitira kuti pane paitika nyaya dzokushungurudzwa kwavana, rubatsiro runowanikwa nokukasika.

2.3.2 Mabasa eKomiti neavo vakatarwa kuchengetedza vana

Vanhu vanenge vaine ruzivo maererano nenyaya dzokuchengetedzwa kwavana, vanobatsira pose pane pachiiwa ongororo yenyaya dzine

chekuita noku shungurudzwa kwavana.

- Vose vanenge vachida rubatsiro kana ruzivo maringe nenyaya dzokuchengetedzwa kwavana vanokwanisa kuuya kwavari.
- Vanogara mumisangano inechokuita nemakomiti okuchengetedzwa kwavana.

2.4 Hutungamiri

2.4.1 Basa reDare ramaBhishopi omuZimbabwe neDare ravatungamiriri veVapikiri vose muZimbabwe.

Ibasa reDare remaBhishopi omuZimbabwe neravatungamiriri veVapikiri kunzwa nyaya dzose dzinechokuita nokushungurudzwa kwavana, uye kutora matanho akakodzera nokuchimbida. Matare aya achaona kuti zvose zvinodikanwa maererano nokugadziriswa kwenyaya dzose dzinenge dzaitika sezvakataurwa mugwaro reDare ramaBhishopi omuZimbabwe neraVapikiri *rePastoral and Procedural Protocol for Dealing with Allegations of Misconduct 2012*.

Dare ramaBhishopi omuZimbabwe pachezvaro rinotarisirwa kuita mabasa anotevera:

- Kuona kuti mashoko noruzivo rwe rwune chokuita nokuchengetedzwa kwavana rwashambadzwa kunzvimbo dzose dzakakodzera.
- Kuongorora nokuona kuti mutemo wokuchengetedza vana uri kudzikwa zvakanaka here pachishandiswa ruzivo kubva kumatunhu ose (Dioceses) echiKatorike nemasangano muZimbabwe.
- Kugadziriswa kana kuvandudza mutemo uyu mushure memakore matatu oga oga.
- Kuona kuti nzira dzose dzokuchengetedza vana dziri kutevedzerwa

nokushandiswa muzvikoro, makorichi, mayunivhesiti, muzvipatara nomumachechi zvinopinda pasi peDare ramaBhishopi omuZimbabwe.

- Kugadzira komiti ichange ichizeya nokuita basa rakanangana nokuchengetedzwa kwavana. Vanhu vanenge vari mukomiti iyi vanofanira kunge vaine ruzivo rwakadzama maringe nenyaya dzokuchengetedzwa kwavana. Makomiti achadzikwa mu dunhu roga roga kuti azoita mabasa akatarwa pamusoro.

2.4.5 Mabasa anosungirwa kuitwa namasangano ose echiKatorike.

- Kuona nekuongorora kuti mutemo wekuchengetedza vana uri kufambiswa zvakanaka here.
- Kugadza vanhu kana munhu anoita basa rokuchengetedza vana.
- Kuronga kudzidziswa kwevanhu mumapoka ose ane chokuita nokuchengetedzwa kwavana.
- Kuendesa bumbiro rezvinofanira kutevedzwa kuvashandi navose vakazvipira kushanda pasina mubhadharo.
- Kuita kuti pave neruzivo rwakadzama panyaya yezvokuchengetedzwa kwavana pakati pavabereki, muzvikoro, makorichi, mumayunivhesiti, machechi nemunharaunda dzakasiyana-siyana.
- Pagoitwa ongororo nguva nenguva panyaya yokuchengetedzwa kwavana.

2.4.6 Kuzvidavirira

- Dare ramaBhishopi omuZimbabwe richange richizvimirira pamatanho ose anenge atorwa kana pachinge paitika kutyorwa kwemutemo wokuchengetedza vana.
- Dare ramaBhishopi omuZimbabwe, richitevera zvarinenge rawana kubva

mumasangano akasiyana-siyana rinofanira kupota richiongorora mitemo rayo, matanho okutora kuedza kugadzirisa panenge pasina kujeka.

- Dare ramaBhishopi omuZimbabwe rakazvipira kutora matanho okugadzirisa vanhu vose vanenge vatsaudzira.

2.4.7 Ongororo

Dare ramaBhishopi omuZimbabwe richange riine basa rokuongorora kuti mutemo wokuchengetedza vana uri kunyatsoshanda zvakanaka. Kana paine panoda kugadziriswa pobva pagadziriswa. Mutemo weDare ramaBhishopi omuZimbabwe wokuchengetedza vana uchange uchigadziriswa nekuvandudzwa mushure memakore matatu ege ega. Dare ramaBhishopi omuZimbabwe richange ichiongorora zvese zvingave zvinokuvadza vana. Umbowo hwacho hews hunenge huchiburitswa pachena kune avo vanoda kuongorora.

CHITSAUKO CHECHITATU

3.0 Kugadzira sangano kana masangano okuti vanhu vashande zvakanaka.

Masangano ose anopinda pasi peDare remaBhishopi omuZimbabwe anofanira kuita zvinotevera:

- Kugamuchira nokutora mitemo namatanho ose akanangana nokuchengetedza vana.
- Kupedza mhando dzose dzokushungurudzwa kwavana.
- Kusimbisa nyaya yokuchengetedzwa kwavana vanorarama nohurema sezvinofambirana nebumbiro remutemo wemuZimbabwe Chikamu 83.

Nhengo dzeDare ramaBhishopi omuZimbabwe nemasangano zvinodyidzana vanofanira kuita zvinotevera:

- Kuburitsa nokuratidza hunhu hunojekesa mitemo nemirairo yechiKatorike yakanangana nokukoshesa kodzero dzavanhu.
- Kugadzira nharaunda kana nzvimbo yekushandira inoita kuti pasave nokushungurudzwa kana kudzvinyirirwa kwavamwe.
- Kurega kushungurudza vana (nyangwe zvichinzi mwana anenge achirangwa) Dare remaBhishopi omuZimbabwe richaedza kushandisa nzira dzokugadzirisa hunhu hwevana dzisingakuvadze.
- Kuramba kushandiswa kwemari kana zvinhu munyaya dzine chokuita nebonde kana humwe hunhu hwakashoreka.
- Kuregedza kushandisa michina yemakombiyuta kana mimwe michina yechizvino-zvino kutumira zvinonyadzisira.
- Kukumbira mvumo kubva kuvabereki pamusoro pevana vari pasi pamakore gumi namasere apo panenge paine mabasa anoda mvumo

kubva kuvabereki, anosanganisira nzendo dzekufamba kuenda kune zvimwe zvikoro kana kumachechi avo.

- Kupa mienzaniso yehunhu hwakanaka zvinofambirana neDama Rakanaka, zviratidzo netsika dzeDare ramaBhishopi omuZimbabwe kurega kutaura nyaya kana zvinonyadzisira pamberi pevana uye nevana.

3.1 Kupinzwa kwevanhu basa nemutoo wakanaka

Nzira dzinotevera dzinofanira kutevedzerwa mukusarudzwa nokupinzwa basa kwavanhu vanenge vachizoshandira Dare ramaBhishopi omuZimbabwe kana mamwe masangano eKatorike:

3.1.0 Varikupa munhu basa vanofanira kubvunza nokupiwa zvinotevera nemunhu wacho arikutsvaga basa:

- Gwaro rinotsanangura mamiriro emunhu wacho richitaura zita rake, gore rekuberekwa, paanogara uye rakatsigirwa nechitupa.
- Umbowo hwekwaakamboshanda munhu wacho.
- Mvumo yekubvunza vanhu vaviri vaakasarudza vanomuziva.
- Tsamba kana gwaro rokumapurisa rinoratidza kuti haana mhosva yaakambopara.
- Tsamba inobva kune munhu arikutsvaga basa achitsanangura kana paine mhosva dzaakambopara kana kunenedzerwa.

3.1.1 Sangano ririkuda kupinza munhu basa rinofanira kuzoita zvinotevera:

- Kukumbira tsamba zvakavandika yekurudziro kubva kwaimboshanda munhu wacho arikutsvaga basa.
- Kubvunza avo vakatarwa kuti vanoziva here munhu ari kutsvaga basa uye kuti munhu wacho haana kumbobvira apomerwa kana kusungirwa

mhosva dzine chokuita nokushungurudzwa kwavana. Nyaya yokuti basa racho rine chokuita navana rinofanira kunatsojekeswa uye vava vakatarwa vanofanira kupiwa mukana wokutaura maonero avo pamusoro pokukodzera kwemunhu arikuda kupiwa basa uyu. Kana paine fungidziro yokuti munhu arikuda kupiwa basa ane nyaya dzaakamboita dzaanenge asina kusungirwa, avo varikuda kumupa basa vanofanira kuongorora nekuzeya kuti munhu iyeye akakodzera here kupiwa basa.

- Kana paita fungidziro yokuti munhu arikutsvaka basa haana kukodzera zvichibva kune vava vaakataura kuti vanomuziva. Vanhu ivava vanotaurwa navo vachibvunzurudzwa maererano nemunhu iyeye.

3.1.2 Vose vanenge vachitsvaka basa vachabvunzwa mibvunzo inosanganisira zvine chokuita nokuchengetedzwa kwavana.

3.1.3 Vashandi vose vatsva vachapihwa gwaro rinotsanangura nezvemutemo wokuchengetedza vana. Vachakumbirwa kusaina gwaro rinenge richitsanangura nezvemutemo wokuchengetedza vana uyu.

3.1.4 Vashandi navabatsiri vose veDare ramaBhishopi omuZimbabwe vanofanira kupiwa dzidziso munyaya dzokuchengetedzwa kwavana.

3.1.5 Masangano akabvumidzwa namasangano eKatorike achanyorerana pasi pagwaro rinotsanangura kuti achaedza kukoshesa nokuchengetedza mutemo wokuchengetedzwa kwavana.

3.2 Kupa ruzivo pamusoro pokuchengetedzwa kwavana.

3.2.1 Kuzivikanwa kwemutemo

- Vashandi navabetseri vose veDare ramaBhishopi omuZimbabwe

vanofanira kuverenga nokunzwisisa mutemo une chokuita nezvokuchengetedzwa kwavana.

- Pabasa pose panofanira kunge paine nhamba dzenhare dzeavo vanoita nezvokuchengetedzwa kwavana.

3.2.2 Kudzidziswa kwavashandi veDare ramaBhishopi omuZimbabwe maererano nokuchengetedzwa kwavana

Dare ramaBhishopi omuZimbabwe pamwe neDare ravatungamiririri veVapikiriri anofanira kupa rudzidziso panyaya dzokuchengetedzwa kwavana. Dzidziso iyi inofanira kusanganisa zvinotevera:

- Kuzivikanwa kwemhando dzose dzokushungurudzwa kwavana.
- Unyanzvi hwemazano okuraira.
- Ruzivo pamusoro pebasa rinofanira kuitwa nemunhu munyaya dzokuchengetedzwa kwevana.
- Kunzwisisa zvinoitwa neSanganano pakumhangara nyaya dzinenge dzaitika dzokushungurudzwa kwavana.

3.2.3 Kuwana ruzivo pamusoro pezvemutemo wokuchengetedza vana.

Mutemo uyu unofanira kunge uchiwanikwa nokuzivikanwa nemunhu wose zvake. Mashoko nemagwaro ane chokuita nemutemo uyu anofanira kuwanikwa nevanhu vose kusanganisira vana vadiki achisimbisa nyaya dzinotevera:

- Kodzero dzavana namabasa anofanira kuitwa navana.
- Zvinofanira kutevedzerwa kana paine munhu anenge aine nyaya ine chokuita nokuchengetedzwa kwavana, kana paine nyaya dziri kupomerwa kana ruzivo rwune chokuita nokuchengetedzwa kana kushungurudzwa kwavana.

- Mumasangano nomuzvikoro mose munofanira kunge muine mifananidzo kumadziro inoburitsa pfungwa dzokuchengetedzwa kwavana uye kuti nyaya dzokushungurudzwa kwavana dzinomhangarwa sei.

3.2.4 Rairo nokupa mazano

Izvi zvinogona kupiwa kumunhu anenge ashungurudzwa. Rairo inogona kupiwa kune munhu anenge ashungurudzwa kana arikufungirwa kuti anogona kukuvadza vamwe kuitira kuti vamwe vari muSangano vange vakachengetedzeka.

CHITSAUKO CHECHINA

Nzira Dzinotevedzerwa Mukugamuchirwa Kwakupomherwa Kwemhosva

Kana munhu upi neupi zvake achifungidzira kuti mwana ari kushungurudzwa kungave kuchikoro, kumba kana munzvimbo dzinochengeterwa nherera, anofanira kumhangara nyaya iyoyo nguva ichipo. Mutemo wedare ramaBhishopi echiKatorike omuZimbabwe unoti, kunyarara uchiona uye uchiziva kuti vana vari kushungurudzwa imhosva. Munhu wose ane basa rokuchengetedza vana nokuti ndivo upenyu hwenyika yedu yamangwana.

Matanho eDare ramaBhishopi omuZimbabwe

4.1 Gwaro rakanyorwa neDare ramaBhishopi omuZimbabwe neraVapikiri rinotsanangura nezvemafambisirwo emhosva inenge yaparwa noMupikiri rinofanirwa kutevedzerwa (*The ZIMBABWE Catholic Bishops' Conference and Catholic Major Religious Superiors Pastoral and Procedural Protocol for Dealing with Allegations of Misconduct (2012)*).

- Nzira dzokugadzirisa kusashanda zvakanaka sezvakanyorwa nebazi redzidzo re*Primary* ne*Secondary*, bazi reutano nekuchengetedzwa kwevana, bazi remashandiro uye bazi rinoona nezvokugarisana kwavanhu mumisha nomumamana.
- Kana munhu ane umbowo hwakazara hwekuti mwana ari kushungurudzwa anofanirwa kumhangara mhosva iyoyo nguva ichiripo kune vatungamiriri vezvekuchengetedzwa kwevana kana kumapurisa.

4.2. Kusarudzwa kwavashandi

- MaBhishopi kana vakuru vezvita zvakasiyana-siya vane matare akasarudzwa anoongorora nyaya dzinoenderana nokushungurudzwa kwavana.
- Parishiki kana kuti Sangano rechiKatorike rimwe nerimwe rine matare akasarudzwa anogamuchira nyaya dzinezvokuita nokushungurudzwa kwavana uye vanoongorora nyaya idzi nokutora matanho akakodzera.
- Munhu rogaroga rine matare akasarudzwa kushanda nematare emuzvikoro panyaya dzekodzera dzevana uye nyaya dzine maererano nokushungurudzwa kwavo.
- Zvita nevamwe vasiri muHurumende vanofanirwa kuwana ruzivo rwakakwana maererano nekodzera dzavana vose.
- Imwe neimwe nzvimbo yechiKatorike inofanira kuva namatare anoona nezvekodzera dzavana sezvizi:
 - a) Pane mumiririri anoona nezvokuchengetedzwa kwevana.
 - b) Mumiririri wemhosva dzinenge dzamhangarwa pamusoro pokushungurudzwa kwemwana kana vana.
 - c) Pane mumiririri wedunhu kana kuti vepachikoro pose anoona kuti vakasarudzwa kuti vagamuchire mhosva dzine maererano nokushungurudzwa kwevana vari kuita mabasa avo zvirimugwara here?
 - d) Padare iroro panofanirwa kuve nomunhu ane ruzivo rwenzvimbo iyoyo zvikuru anoziva Sabhuku weDunhu iroro uye vamwe vanhu vanezvigarozvakakosha mudunhu iroro.
 - e) Dare iroro rinenge rasarudzwa pachikoro kana paParishiki panofanirwa kuva nemwana anomiririra vamwe vana vose vechikoro ichocho kana Parishiki iyoyo.

- f) Mumiririri wevabereki anofanirwa kuva mudare iroro.
- g) Veutano, Vedzidzo, Vemitemo nevamwevo vane ruzivo pamusoro pekodzero dzevana vanofanirawo kupinzwa mudare iri rinoona nezvokuchengetedzwa kwevana.
- Ibasa redare iri kuona kuti kodzero dzevana dziri kutevedzerwa here uye kuti vana varikuchengetedzwa here kubva mukushungurudzwa kwakasiyana siyana.

4.3. Kumhangarwa kwemhosva (Kutora matanho)

- Ani naani ane chokuita pamusoro pokuchengetedzwa kwevana kwakanakaanofanira kutora matanho anokodzera nokuzivisa vakasarudzwa kumiririra vana pangave paChikoro kana paParishi.
- Kana mhosva yaparwa sekunge kubatwa chibharo kwemwana nyaya iyi inofanirwa kumhangarwa nokukurumidza kune vamiririri vezvokuchengetedzwa kwevana kana kumapurisa.
- Kana mhosva ichinge yamhangarwa, mumhangari wemhosva anofanirwa kuchengetedzwa haafanirwi kufumurwa uye mupari wemhosva iyoyo anofanirwa kusazviziva nokukurumidza kuti mhosva yake yamhangarwa, izvi zvinoitirwa kuti mupari wemhosva asadzime umbowo wemhosva aapara kana kuti asatiza. Mwana anenge ashungurudzwa anofanirwa kuonekwa kuti ari pakachengetedzeka uye awana rubatsiro nokukasika.
- Tomboti mhosva yaparwa neMupikiri maererano nokushungurudzwa kwevana. Mhosva yake inomhangarwa kumukuru wake weChita chake, ndiye vanozotora matanho akakodzera kuongorora nyaya iyi maererano nebumbiro romutemo yavo uye yeDare ramaBhishopi omuZimbabwe.

- Kana ari mwana arikumhangara mhosva, terereresa kune zvaari kutaura uchinyora pasi, usamuvhundutsire kana kumubvunza mubvunzo yakawanda wanda. Endesa nyaya iyoyo kune vakasarudzwa kugamuchira nhunha dzavana pangave paChikoro kana paParishi. Ivo ndivo vanoziwa matanho okutora maererano nokudzidziswa kwavakaitwa nezvokugamuchira nhunha dzavana.
- Batsira mwana kuti asazvishore kuti amhangarirei nyaya iyi.
- Ipa chivimbo kumunhangari wemhosva kuti uchaendesa nyaya yake mberi kuti matanho akakodzera agotorwa.

4.4 Kunyora pasi zvamhangarwa

Zvose zvine maererano nezvokushungurudzwa kwevana zvinofanirwa kumhangarwa kune nhengo yedare rezvokuchengetedzwa kwevana paChikoro kana paParishi ndiye anatora nyaya iyoyo nokuinyora pasi. Nyaya inenge yamhangarwa inonyorwa pasi panguva yainenge ichitomhagarwa kuitira kuti pasave nechinosariririra. Mashoko emumhangari anonyorwa sezvaari. Zvanyorwa zvinochengetwa pakabata zvozoendeswa kune vanoziogorora nyaya iyi.

4.5 Magamuchiriro emhosva yamhangarwa:

- Usataure mashoko anopa mhosva kumumhangari wemhosva, usabvunze bvunze mibvunzo ingakanganise mumhangari wenyaya.
- Kana ari mwana ari kumhangara mhosva muudze kuti uchaendesa nyaya iyi kune nyanzvi dzokuongorora nyaya iyi kuitira kuti mwana akurumidze kuwana rubatsiro uye kuti achengetedzwe. Vimbisa mwana kuti hauudzi nyaya iyi munhu wose wose. Unogona kubvunza mwana kuti chii chaanotyira kuti chingaitike kwaari.

- Kana uchigamuchira mhosva nokuinyora inyore namanzwi chaiwo omumhangari wemhosva usanyore nepako.
- Mibvunzo yaungagona kushandisa ndeiyi :
 - a) Pane zvimwe here zvaungandiudza ?.
 - b) Vakaitika papi uye rinhi ?.
 - c) Chii chakazoitika ?
 - d) Unoziva akazvitaure kana akazviita here?
- Mibvunzo yako ngaiite mipfupi uye iri nyore kuti mwana apindure. Kana mwana apedza kumhangara unoona kuti zvinoita here kuti adzokere kumba kwavo kana kuti anoda kuendeswa kwaanokurumidza kuwana rubatsiro.

4.6. Matanho eongororo

- Dare ravanochengetedza vana munharaunda imomo vanofanirwa kugara pasi nokukurumidza kana vagamuchira nyaya inemaererano nokushungurudzwa kwevana kana mwana voongorora nyaya iyi kuti inoda kutorwa nemutoo upi? Pamwe inenge ichida kumhangarwa kumapurisa nokuurumidza kana kuti kumukuru vechikoro kana Baba wezvomweya izvozvo zvinoitwa maererano neudzamu hwemhosva yaparwa.

4.7 Kuongorora zvakaipa zvingangowire vana.

Kana muine vana fanoongororai kuti ndezvipi zvakaipa zvingangowira vana zvobva zvafano kudzivirirwa. Somuenzaniso kana mune vana kumitambo yebhora, fanai kuongorora kuti nzvimbo ichaenda vana yakachengetedzeka here uye haina zvingakuvadze vana.

4.8 Kuongorora zvingadzingise kana kumisa mushandi basa

- Ongorora kuti nyaya yamhangarwa ingadzingise kana kumisisa mushandi basa here woyambira vatungamiriri venzvimbo iyoyo kuti vangatore matanho api. Pamwe zvinenge zvakakodzera kumisa mupari wemhosva basa kuitira kuti mumuchengetedze kubva kuruzhinji rungaukuvadze nokumurova. Kuchengetedzwa kwemupari wemhosva hazvirevi kuti mhosva yake yaperasi zvinoitirwa kuti matanho akakodzera atorwe nenzira kwayo uye kuti apiwe mutongo wake wakaenderana nemhosva yake negwara kwaro.
- Tomboti mushandi amiswa basa, nhengo dzedare rinoona nezvokuchengetedzwa kwevana munharaunda iyoyo havafanirwi kuparidzira nyaya iyoyo inofanirwa kufambiswa nemakwara kwawo uye kuendeswa kune vanamazvikokota vekutonga nyaya iyoyo.

4.9 Ongororo yokutanga

- Dare rinoona nezvokuchengetedzwa kwevana rinoongorora nyaya inenge yamhangarwa kuti inoda kutorerwa matanho api, kana mhosva iyoyo ichikodzera kuve mumaoko amapurisa, dare iri rinomhanyisa nyaya iyoyo kuitira kuti mapurisa atore matanho akakodzera.

4.10 Kuturikira

Kana sangano rinoona nezvokuchengetedzwa kwemwana raita ongororo pamusoro pemhosva yakaparwa nokuona kuti havangaipedzi nokuitonga voga vanoindesa kune vakuru venzvimbo iyoyo kana nyaya yacho isiri inosungisa. Kana nyaya yacho iri inosungisa vanoindesa pkare pakarepo kumapurisa kuti vatore matanho nokukurumidza.

- Kana mhosva yaparwa nemushandi weHurumende, mhosva iyoyo inomhangarwa kune vakuru vekuHurumende vechikamu ichocho ndivo vanozoziva kuti vanofambisa sei nyaya yacho maererano nebumbiro ravo remitemo.

4.11 Ongororo yakazara

- Chikonzero cheongororo yakadzika ndechekuda kuona kuti mhosva yaparwa ndeye chokwadi here kana kuti ndeyekunyeba.
- Zvinyorwa zvose zvakanyorwa pakumhangarwa kwemhosva zvinoongororwa zvakadzika, uye mupari wemhosva nemumhangari wemhosva vanobvunzwa kakati wandei panzvimbo dzakasiyana nenyaya yemhosva iyi. Mukudaro chokwadi chezvakaaitika chinogona kubatika nyaya ikatongw negwara rakakodzera.

4.12 Kubatsira vakashungurudzwa

Papa Benedict XVI mutsamba dzinogaronyorwa (*encyclical letter*) mugore ra 2009 vakati : *Kirike, riri muvimiririri vemaBhishopi nevatumwa vavo, rinofanirwa kugadzirira kuterera vose vakamboshungurudzwa uye nemhuri dzavo uye kuzvipira kuvabatsira muchitendero chavo uye mumagariro avo kuti vagadzikane mupfungwa dzavo nezvakataurwa mugwaro reDare ramaBhishopi omuZimbabwe neraVapikiri kuti Sangano reKatorike rinofanirwa kubatsira vanhu vanoshungurudzika vari mumatunhu akasiyana siyana.*

Dare ramaBhishopi romuZimbabwe inonzwisisa kuti vana vanenge vashungurudzwa vanoda rubatsiro rwakawanda kusanganisira:

- Kuchengedzwa kwemumhangari wemhosva kuti asaenderere mberi nokushungurudzwa, kungave nemhuri yake kana novoruzhinji.
- Kuchengedza mumhangari wemhosva kuitira kuti asakanganiswe utano nomugariro wake.
- Mwana anenge ashungurudzwa anofanirwa kubatsirwa kuitira kuti asimudzirwe mumweya nemumagariro ake zvakare.
- Rubatsiro runofanirwa kupiwa kune anenge ashungurudzwa kuitira kuti ukama hwake neSangano husaputsike.

4.13 Matanho kune apomerwa.

Dare remaBhishopi omuZimbabwe rinotaura pachena kuti anenge ashungurudza mwana pabasa anomiswa basa uye mhosva yake inomhangarwa nokukasika kumapurisa. Bumbiro romutemo iri richasunga anoshungurudza vana uye matanho akakodzera achatorwa pose panomhangarwa mhosva.

CHITSAUKO CHECHISHANU

Kubiwa Nokutengeswa Kwevana

Kushungurudzwa uku kunonzwisiswa sokutorwa kunoita vana vachiendeswa kunoitwa nhapwa nechinangwa chokuda kupfuma kwevapari vemhosva iyi. Kutorwa uku kunogona kuitika munyika vana vachiendeswa kune dzimwe nyika. Vakadzi, varume kana vana vanotorwa kunoia zvakasiyana-siyana kusanganisira kumanikidzwa kuita basa mumafakitori, muminda kana kukohwa, kushanda mudzimba dzachengetedzwa, kubatwa chibharo, kutengesa zvinodhaka, kuba, kunoroorwa zvekumanikidzira.

Gwaro rokumanikidzwa kana kutengwa kwevanhu kana vana:

- Kurudzira vana kufamba vari muzvikwata
- Ngapave nenzvimbo yokugara kwavanhu vakuru kana vana.
- Batsira vana kana vanhu vakuru vanogona kushungurudzwa nokuti vakaremara kuti vasasangana nokushungurudzwa kupi nokupi.
- Kudzidzisa vanhu nzira dzokushungurudzwa uye zvazvinokonzera.
- Kutura ndiyo nzira inoita kuti hupenyu huchengetedzeke.
- Kugaroita ongororo yokutarisa vana kana vanhu vakuru vakaungana.
- Kuva negwaro rinoratidza vanotora vana kana kuuya navo nguva dzechikoro.
 - a) Kana uchida kubatsira vana vakapunyuka kubva mukushungurudza kwekutengeswa ona kuti wavanzwisisa kwavanobva, zvaanoshuvira uye kuti ane zvokudya, zvokupfeka uye utano hwake hwakachengetedzeka here.
 - b) Sangano rinofanirwa kubatsirawo vana vanenge vakashungurudzwa kuitira kuti vayanane nemhuri dzavo zvakare.

Kubiwa nokutengeswa kwevana

Kubiwa nokutengeswa kwevana kunogona kutangira pamazera anoenda kuzvikoro, zvikurusa avo vanorarama upenyu hwokutamburira mumhuri dzavo. Nokuda kwekuda kubatsira mhuri dzavo vanozererekana vawira mumaoko evanhu vakaipa vanongoda kuvashandisa pasina muripo. Kana vanenge vabiwa kana kutengeswa vanomanikidzwa kushanda mabasa akaomarara asiri ezera ravo, vamwe vanobatwa chibharo zvinova zvinovakanganisa kweupenyu hwavo hwose.

Vana vari panjodzi yokubiwa nokutengeswa havasi vemazera anoenda kuchikoro chete asi kuyange vana vacheche variwo munjodzi yokubiwa nokutengeserwa kune vanhu vakaipa vanoda kutora nhengo dzavo dzemuviri nechinangwa chokuda kupfuma. Vana vadiki vanowanzo kutevererwa panhare mbozha, pazvivhitivhiti, maindaneti (*Internet*) nemumafaro mavanowanzo kuenda kundotamba nokutandara nevamwe. Vana vanobiwa nokutengeswa vanowanzokubviswa munzvimbo yavakajaira voendeswa kune imwe zvimbo yavasingazive kana yavasingakwanisi kupunyuka kuti vatize vachidzokera kudzimba dzavo.

Maonero amunogona kuita munhu anenge abiwa

Zviratidzo zvingabatsire varairidzi pazvikoro uye vakuru vechikoro kuti vaone vanhu vanenge vachida kuba vana:

- Kuona kuti mwana wavo vechikoro haapo pachikoro panguva yaanotarisirwa kuve pachikoro navamwe.
- Mwana anongotanga kutiza kubva pamba pasina chikonzero.
- Mwana anongotaura nezvorwendo rwaarikuda kufamba rusina tsarukano kana chinangwa chakajeka.

- Munogona kusangana nemwana atiza, asingazive kwaabva uye asina magwaro okuzvarwa kwake.
- Munogona kuona kuti mwana anenge achingo vhunduka- vhunduka achitya vanhu vechirume kana vechikadzi.
- Kana mwana apunyuka mumaoko evanenge vamuba munogona kuona kuti utano hwake hunenge hwadzikira ave kuda kuti vanachiremba vamuongorore nokumupa mishonga yakakodzera.

Zvimwe zvingabatsire:

Pangadiwe rubatsiro nokukurumidza chayai runhare kumapurisa ari padyo nemi muchivanyeurira nezvevanhu kana munhu wamungafungidzire kuti ari kuda kuba mwana.

APPENDIX 1

Kugamuchira Zvichemo Zvinobata Kuchengetedzwa Kwevana

Kana munhu upi neupi zvake akafungidzira kuti pane vanhu kana munhu ari kuda kuba vana kana mwana anofanira kutora matanho okuchengetedza vana nokukasika. Kusatora matanho okuchengetedzwa kwevana semumiririri weDare ramaBhishopi omuZimbabwe kudarika mutemouye izvi zvinokonzera kuti udaidzwe kudare rinoona nezvokutyorwa kwemitemo.

Mupari wemhoswa yokutyora mitemo yokuchengetedzwa kwevana haafanirwi kukurumidza kuudzwa nezvemhosva yake nokuti akaudzwa umbowo hunogona kurasika. Kana paine munhu amhangara nezvekutyorwa kwemitemo yokuchengetedzwa kwevana kune mumiririri wenhengo yeDare ramaBhishopi omuZimbabwe inoona nezvokuchengetedzwa kwevana munhu iyeye anofanirwa kuteererwa, mashoko ake anofanirwa kunyorwa pasi oendeswa kune vaamazvikokota vekuongorora nyaya dzakadai.

Matanho anotevera anoratidza magamuchirirwo enyaya dzinenge dzamhangarwa nezvokusachengetedzwa kwevana:

- Usataure uchitora divi kana kuferefeta zvizhinji nezviri kumhangarwa.
- Nyora pabepa zvose zviri kumhangarwa usinga chinjinuri zvataurwa.
- Taurira mumhangari wenyaya zvauchaita nemashoko auri kunyora kuti azive kuti uchaendesa kunaani zvaamhangara.
- Mumhangari wenyaya anofanirwa kuchengetedzwa kuitira kuti asazivikanwe.

- Unofanira kuvimbisa kubata hana pane zvose zvinenge zvamhangarwa.
- Unogona kubvunza zvingadaro zvichivashungurudza pakumhangara kwavaita mhosva yavo.

Mienzaniso inotevera inoratidza mabvunziro aungaite kumumhangari wemhosva:

- Pangave nezvimwe zvamunoda kutaura here?
- Izvi zvose zvamataura zvakaitika riini uye kupi?
- Chii chimwe chakazoitika?
- Mungazive munhu akazviita kana kuti akazvitaura?

Usarebese mibvunzo yaunenge uchibvunza, kunyange zvako uchinge uchida kuziva zvine kaudzamu kuitira kuti ugone kutanga kuongorora nyaya iyi nekukurumidza. Kana ari mwana ari kumhangara unofanira kuongorora kuti pane zvaamhangara zvine utano here kuti adzokre kumba kwavo kana kuti panenge pachida kuti utore rimwe danho rokumuchengetedza kuitira kuti asakanganisike zvakare.

Mibvunzo inotevera ngaizame kusabvunzwa zvikurusa kana mumhangari wemhosva ari mwana:

- Akakubata nhengo dzipi dzemuviri?
- Izvi zvose zvawataura zvakaitika muhofisi here?
- Wange uchitya zvakanyanya here?

Zama napose kunzwira mumhangari tsitsi asi uchiramba wakamira pauri usingazotori divi. Edza napose kusaratidza kukatyamadzwa, kusatendera zviri kumhangarwa kana kunyadziswa nezvataurwa. Ipa mumhangari

wemhosva chivimbo chokuti aita zvakanaka chose kuti auy kwauri kuzoturira nyaya yake mumaoko ako. Udza mumhangari wemhosva matanho auchatora nenyaya yawagamuchira. Kana mumhangari wenyaya ari munhu mukuru mukurudzire kuti andomhangara nyaya yake ku mapurisa anoona nezvokuchengetedzwa kwevana *Victim Friendly Unity*). Vamiririri veSangano vasina umbowo hwakakwana vanofanira kunyora pasi zvavanenge vagamuchira kubva kumumhangari wemhosva voendesa nyaya yacho kune vana mazvikokota mukuongororwa kwenyaya dzine maererano nokuchengetedzwa kwevana.

APPENDIX 2

FOMU ROKUMHANGARWA KWEMHOSVA YOKUSHUNGURUDZWA KWEMWANA

(Fomu iri rinozadzikiswa nemumhangari wemhosva)

1. Zuva rakamhangarwa mhosva

Musi wamhangarwa mhosva	
Nguva yamhangarwa mhosva	
Nyaya iyi yagamuchirwa sei? Parunhare here? Paemero (email) here? Netsamba isina muridzi here? Kana kuti munhu auya akamhangara.	

2. Nhorooondo yomumhangari wemhosva kana munhu akaona mwana achishungurudzwa

Zita	
Kero yepaanogara	
Nhamba dzenhare	
Emero (email address)	
Ukama hwake kumwana akashungurudzwa	

3. Nhorroondo yomwana akashungurudzwa

Zita	
Zuva rekuzvarwa	
Mukomana/Musikana	
Kero yepaanogara	

4. Nhorroondo yavabereki vevana

Zita	
Kero yepaanogara	
Nhamba dzenhare neEmero (Email address)	
Vane ruzivo here nezvamhangarwa pamusoro pokushungurudzwa kwakaitwa mwana vavo? (Hongu kana Kwete).	
Ukama hwavo kumwana akashungurudzwa	

5. Nhorondo yomupari wemhosva

Zita	
Kero yepaanogara	
Nhamba dzenhare uye emero (email address)	
Ukama hwake nemwana akashungurudzwa kana basa raanoita.	
Zvimwe zvingangobvunzwa	

6. Nhorondo yezvakaitika

Zuva razvakaitika	
Nguva yazvakaitika	
Nzvimbo yazvakaitikira	
Vaivepo kana akazviona zvichiitika	
Vangani vakaona zvichiitika kana vakanzwa zvakaitika	
Tsananguro yezvakanyatsoitika	
Mwana akashungurudzwa ari kubvumirana here nezvamhangarwa	

7. Matanho anotorwa

Nyaya yakaitika yakaziviswa vakuru venzvimbo here? (Hongu kana Kwete)	
Kana iri hongu, riini? Nguvai? Kunaani?	
Kana iri kwete, tsanangura kuti nemhaka yei?	
Tsanangura chidanho chemuridzi wenzvimbo akaudzwa nyaya iyi. Kero yepaanogara uye nhamba dzake dzerunhare kana emero yake (Email address).	

8. Chimwe chidanho

Ndeapi matanho akatenderanwa kutorwa pakamhangarwa mhosva kuvakuru venzvimbo?	
Pane imwe nyaya here inoda kutorwa chidanho nekukurumidza kuitira kuti vana vachengetedzwe.	
Nhamba dzenhare Emero (email address) Ukama nemwana akashungurudzwa	

9. Nhorooondo yenhengo yezvekuchengetedzwa kwevana ari kuongorora nekushanda nyaya iyi.

Zita	
Kero yepaanogara	
Nhamba dzenhare	
Emero (email address)	
Chidanho chake pabasa	
Nguva yakazadziwa Fomu iri	
Signature	

APPENDIX 3

Kuchengetedzwa Kwevana

Fomu Rekuzvipira Pakuchengetedzwa Kwevana

(SELF-DECLARATION FORM)

Kana usinganyatsonzwisisa nezvekuzadziswa kunoitwa Fomu iri tsvaka rubatsiro kune matare akasarudzwa kushanda nevana mukuchengetedzwa kwavo muDunhu rako. Tomboti haukwanisi kuzadzisa Fomu iri nemaoko ako nekuda kwechikonzero chakasiyana unotsvaga munhu anokunyorera iwe wozo saina wega.

Parishi / kana Zvita Zvevapikiri.....

Chinhandu chebasa riri kutsvakwa

Chidanho chemushandi.....Mushandi/Mubati webasa pachinguva chipfupi/ Kushanda pachena pasina mubhadharo.

Zita: Mr / Mrs / Miss / Ms kana zvimwe (Ngapajekeswe).

Zuva rokuberekwaMukadzi/Murume

Mibvunzo:

1. **Une dzimwe mhosva dzawakambopomerwa kumadzitare edzimhosva here?** Hongu/Kana Kwete.
2. **Wakambopomerwa here pabasa nemumwe munhu?** Hongu kana kwete.
3. **Wakambo pomherwa mhosva ine chekuita nezvekusabatwa zvakanaka kwevana here?** Hongu kana kwete.

Kana uchiti hongu tsanangura zvakaitika
Chirevo (verenga, saina, nzvimbo nezuva)

Zvichienderana nedingindira reKirike Katorike rokuchengetedza vanogona kushungurudzwa munharaunda, ini ndinonzwisisa kuti kana ndikapa umbowo hwekunyepa ndinogona kubiswa pachinzvimbo. Ndinonzwisisa kuti gwaro iri kana zvimwe zvinodavira zvinodzoswa kwapera makore (75) panzvimbo yekuti ndasarudza / nekuda kwegwaro iri, gwaro rekusasarudzwa rinodzoswa. Nokuisa siginecha yangu ndinopa ndinopa vakuru vezvemutemo mukana wokutarisa gwaro iri. Ndinodavira kuti zvandapa mugwaro iri ndezvechokwadi.

Signature.....Zuva.....

APPENDIX 4: REFERRAL FORM

Rinofanirwa kupera rine mamwe magwaro akafanana naro. Rimwe gwaro rinosara nevepanzvimbo rimwe nevakaturirwa nyaya.

Zita remwana :..... **Zuva:**

Zuva rekuberekwa: **Mukomana/Musikana**

Zita revabereki:

Kero yepavanogara:

Nhamba dzerunhare:

Tsananguro yenyaya:

.....
.....
.....

Chikonzero chekukurira nyaya:

.....
.....

Yakaturirwa kunaani nyaya yacho:

Musoro wenyaya:

.....

Organisation/Oganaizesheni:.....

.

Kero:

.....

Runhare:

Mutumwi:

Kero:

.....

Runhare:

Muongorori wenyaya:

APPENDIX 5

Kushungurudzwa Kwevana

Kushungurudzwa komuviri womwana izvi zvinoitika munhu achiziva zvakaite sokurova mwana neshamhu kana nemaoko. Kungave kushungurudza mwana nokuburikidza nezvitendero zvakasiyana siyana.

Mienzaniso yekushungurudzwa kwevana:

- ❖ Kurova neshamhu, bhande, maoko kana chimwe chinhu chinokuvadza.
- ❖ Kudhonzwa mwana nzeve, bvudzi kana nhengo ipi neipi yomuviri wake.
- ❖ Kupisa mwana uchiziva.
- ❖ Kusungirira mwana kana pamuti.
- ❖ Kutsunya mwana.
- ❖ Kutuka mwana nemashoko anoshungurudza.
- ❖ Kumumanikidza kutsanya zvokudya kana kumunyima zvokudya.
- ❖ Kukava mwana.
- ❖ Kumanikidza mwana kutakura zvinhu zvinorema zvisiri zvezera rake.
- ❖ Kusabatsira mwana kuwana rubatsiro kana achirwara.
- ❖ Kusachengetedza mwana kune kupisa kwekunze, kutonhora kana kunaya.

Mienzaniso yekushungurudzwa kwemwana mumoyo, mupfungwa uye muchitendero:

- Kutuka mwana nekumudana mazita emadunhurirwa.
- Kunyadzisa mwana pane vamwe.
- Kumanikidza mwana kuita zvinomukuvadza kana zvinokanganisa utano hwake.
- Kusapa mwana rudo rwakakwana savabereki.

- Kurasa mwana nokuramba kumugamuchira mumhuri.
- Kusapa mwana zvose zvaanoda kuti akure zvakanaka.
- Kudzinga mwana kwenguva yakareba mukirasi vamwe vachienderera mberi nedzidzo.
- Kupira mwana gotsi.
- Kutsaura mwana pane vamwe uye kumubata senhapwa.
- Kushandisa mwana mune zvechitendero zvinomukanganisa mumakuriro ake.

Mienzaniso yokushungurudzwa kwevana mune zvokutsvakwa kwemari:

- Kumanikidza mwana kushanda mabasa asingaenderani nezera rake asingapiwi mubhadharo.
- Kudzidzisa vana kuti varwe hondo.
- Kumanikidza vana kuti vashande vachizviunganidzirane kuzvibhadharira mari yechikoro.
- Kushandisa vana mune zveupfeve.
- Kushandisa vana kuti vatengese zvinodhaka kana zvinokuvadza.
- Kutorera vana nhaka yavakasiirwa nevabereki vavo.

Mienzaniso yokuregerera vana nokusavabata zvakanaka:

- Kusavateerera pavanotaura nhuna dzavo.
- Kusavatenda kana vaitawo zvakanaka.
- Kuvapa zvakanandisisa zvakananana nechikafu chisina utano uye kuvasiya vari pahindaneti (Internet) zvinovakanganisa mukukura kwavo uye mukugarisana nevamwe zvakanaka.
- Kutadza kuchengetedza nzvimbo inogara vana.

- Kutadza kuongorora matambiro evana kuti havakuvadzwi here.

Mienzaniso yokushungurudzwa kwevana kana vabatwa chibharo:

- Kubatwa kwemwana chibharo kungave nemunhu wechirume kana wechikadzi.
- Kutsvoda mwana nenzira isina kururama.
- Kuratidza vana mifananidzo yevanhu vasina kupfeka kana kuti vari kutamba zvisina maturo.
- Kuratidza vana mafirimu kana mavhidhiyo anezvekuita nezvapabonde.
- Kutumira vana mashoko anechokuita nezverudo.
- Kuvhura mukana wokuti vana vabiwe kuburikidza nemashoko emumhepo.

Zvinobatsira kuratidza kuti mwana ashungurudzwa:

Mwana anenge achingovhunduka-vhunduka, anenge achizvipatsanura pane vamwe achida kungogara pake oga akanyarara. Mumwe mwana anogaroita bongozozo zvakafanana nokurova vamwe vana. Umwe anogona kuchema pasina chaaitwa kana kurwara-rwara, kuzviitira tsvina kan kuzvinyorovedza nguva dzose. Idzi ndidzo dzedzimwe nzira dzingagone kukubatsirai kuziva kuti mwana ane dambudziko rekushungurudzwa kungave kumba kana kuchikoro.

Nzira dzingabatsire vana kuzvichengetedza kubva kune vangavashungurudza:

- ❖ Vana vanofanirwa kufamba sechikwata kana vachienda kuchikoro kana kuti vachibva kuchikoro kana kuChechi.

- ❖ Vana vanofanirwa kuridza mhere kana pane munhu ari kuda kuba mumwe wavo kuitira kuti vawane rubatsiro.
- ❖ Vana vanofanirwa kusakwira motokari dzavasingazivi.
- ❖ Vana vanofanirwa kumhangara zvinenge zvaitika kwavari zvisina kunaka kune munhu wavanovimba naye.
- ❖ Vana vanofanirwa kuramba kunyengedzwa netunhu tusina basa twakaita semasiwiti, mari kana zvimwe zvinhu zvokudya.
- ❖ Vana vanofanirwa kufamba kwakachena uye munzira inofamba voruzhinji.
- ❖ Vana vanofanirwazve kusaenda kunzvimbo dzakahwanda navanhu vavasingazive.
- ❖ Vana vanofanirwa kumhangara nyaya dzokushungurudzwa kwavo kuvanhu vemitemo samapurisa kana vanhu vakapiwa basa rokuongorora nezvemagariro evana nedzimhuri.

APPENDIX 6

Kugamuchirwa Kwenyaya Dzinechokuita Nokushungurudzwa Kwevana Uye Vakomana Nevasikana Vechidiki

Mashoko agamuchirwa panguva yacho.....
Na (Isa Zita)..... Chidanho chake.....
Nhamba dzerunhare.....
Emero (*Email*).....
Mashoko akagamuchirwa: parunhare/ netsamba/ munhu pachake/ neemero
(*email*)

Mwana akashungurudzwa

Zita.....
Zera/Zuva rekuberekwaMukomana/Musikana.....
Kero yepaanogara.....
Nhamba dzerunhare.....
Mashoko agamuchirwa kubva kuna:
Zita.....
Chidanho.....
Kero.....
Runhare.....
Emero (*email*).....

Mugamuchiri wenyaya/mhosva

Zita.....
Chidanho
Zera/Zuva rokuzvarwa.....
Kero.....
Runhare.....

Matanho angangotorwa nemamwe mashoko

Nyora pasi zvose zvakaitika, mashoko ose akagamuchirwa, nguva yakamhangarwa mhosva. Nzvimbo yazvakaitikira inofanirwa kunyorwa pasi zvakare. Zuva nemazita avanhu vanechokuita nenyaya yamhangarwa zvose zvinofanirwa kunyorwa pasi. Zvose zvakanyorwa zvinofanirwa kusainwa navamhangari uye navagamuchiri venyaya. Magwaro ose aya anofanirwa kuchengetedzwa zvakanaka operekwa kune vakadzidziswa nezvamafambisirwo enyaya dzakadai.

Zuva	Nguva	Nyaya	Zita	Signicha (signature)

APPENDIX 7

Fomu Rinoratidza Magamuchirwo Enyaya Dzekushungurudzwa Kwevana

Kumhangarwa kwemhosva

Zita remumhangari.....
Kero.....
Mukomana/ Musikana.....
Zera/ Zuva rekuzvarwa.....
Zita rechikoro.....
Akashungurudzwa sei?.....
Ukama hwake nanyakupara mhaka.....

Vamwe vari munyaya iyi

Zita ravabereki.....
Kana mwana ari mumaoko evamwe vanhu mazita nenzvimbo yaanogara ngazvinyorwe pasi:
Zita romupari wemhosva.....
Murume/mukadzi.....
Zera.....
Kero nerunhare.....

Zimbabwe Catholic Bishops' Conference

- + Michael Dixon Bhasera - Bishop of Masvingo and Apostolic Administrator of Gweru (ZCBC President)**
- + Robert C. Ndlovu - Archbishop of Harare and Administrator of Chinhoyi (ZCBC Vice President)**
- + Alex Thomas Kaliyanil - Archbishop of Bulawayo (ZCBC Secretary & Treasurer)**
- + Albert Serrano - Bishop of Hwange**
- + Paul Horan - Bishop of Mutare**
- + Rudolf Nyandoro - Bishop of Gokwe**



